

Sivil -SCP

Ti Reklamasyon Litij ti Montan - Limit \$5,000 pou Machinn

Mizajou: 01 jiyè 2022



Kijan pou asiyen pou jiska \$5,000 pou ka Otomobil nan Tribinal ki regle koze Ti Reklamasyon/Litij ti Montan

Plent pou Ti Reklamasyon/Litij ti Montan ak Konvokasyon Pou ka ki gen rapò ak Otomobil Sèlman

How to Sue for Up To \$5,000 in Small Claims Court Motor Vehicle Case - Haitian

Kimoun Ki Gen dwa Itilize Blòk Done Sa a?

Pake dokiman sa a fèt pou itilize sèl si ka w an gen pou wè ak aksidan otomobil epi ou ta renmen prezante yon plent nan Tribinal ki regle koze ti Reklamasyon/litij ti montan yo. Ou kab itilize dokiman sa yo tou, si yon moun oswa konpayi dwe w jiska \$5,000 pou aksidan otomobil epi w ta renmen fè tribinal la egzije yo peye w.

Remak: Si w kwè w gendwa a dedomajman ki depase \$5,000 men ou ta renmen asiyen nan Tribinal ki regle koze Ti Reklamasyon /Litij ti Montan, w ap renonse a dwa w pou rekipere dedomajman ki depase \$5,000. Ou pap kab reklame rès lajan a nan yon lòt litij. Ou fèt pou gen omwen 18 lane pou prezante yon reklamasyon. Si w pa gen 18 lane, swa paran ou oswa moun ki responsab ou va prezante reklamasyon a pou w.

Remak: Se Biwo Administratif Tribinal Nyoudjèze ki prepare dokiman sa yo pou moun kap reprezante tèt yo poukont. Gen chanjman ki fèt nan gid yo, eksplikasyon yo ak fòm yo chak peryòd pou montre dènye lwa Nyoudjèze ak règ tribinal yo. Dènye vèsyon **fòm yo** ap disponib nan palè jistis konte a oswa nan sit Entènèt Sistèm Lajistis njcourts.gov. Men, se oumenm ki finalman responsab pou kontni tout dokiman tribinal yo.

Tout fòm konplete fèt pou soumèt ba Konte nan konte kote ou te depoze ka w an. Yon lis sou Biwo pou Pati Espesyal Sivil (Special Civil Part Offices) disponib nan kontwa kliyan ak nan sitwèb njcourts.gov.

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English

Bagay pou Reflechi Anvan ou Eseye Repezante tèt ou nan Tribinal

Eseye Angaje Yon Avoka

Seksyon Ti Reklamasyon se yon tribinal ki pèmèt ou asiyen yon moun (akize a) pou ka rekipere yon timontan lajan ou kwè yo dwe w. Piske tout pwosedi Ti Reklamasyon pi senp ke nan lòt seksyon tribinal yo; moun nòmalman kab depoze ak prezante ka yo pi rapid ak mwen chè, ak pi souvan san yon avoka.

Kisa Ou Ta Dwe Espere Si W Repezante Tèt Ou Poukont Ou

Menmsi w gen dwa pou repezante tèt ou poukont ou nan tribinal la, ou pa ta dwe espere tretman espesyal, èd oswa atansyon tribinal la. Sa ki anba la a se yon lis kèk bagay anplwaye tribinal la kapab epi pa kapab fè pou ou. Tanpri li lis la avèk anpil atansyon anvan ou mande anplwaye tribinal la pou ede ou.

- Nou *kapab* ba w eksplikasyon epi reponn kesyon ou yo sou fason tribinal la fonksyone.
- Nou kapab di w ki sa tribinal la egzije pou li konsidere dosye ou.
- Nou kapab ba w kèk enfòmasyon ki nan dosye ou.
- Nou kapab ba w kèk modèl fòm tribinal la ki disponib.
- Nou kapab gide w nan ranpli fòm yo.
- Nou kapab reponn kesyon ou yo anjeneral konsènan dat limit yo nan tribinal la.
- Nou pa kapab ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
- Nou pa kapab di w si w ta dwe ou pa, prezante yon ka nan tribinal.
- Nou pa kapab ba w yon pwendvi sou sa k ap pase si w prezante dosye ou nan tribinal.
- Nou pa kapab rekòmande yon avoka, men nou kapab ba w nimewo telefòn yon sèvis referans avoka zòn nan.
- Nou pa kapab pale avèk jij la sou sa k ap pase nan ka w.
- Nou pa kapab kite ou pale avèk jij la deyò tribinal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon lòd jij la bay.

Kenbe Kopi Tout Papyè Yo

Fè kopi tout fòm ou ranpli ak tout dokiman ki asosye avèk ka w, epi kenbe kopi yo

Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a

Kraze Kontra (Breach of Contract): *Kraze kontra* vle di pa fè sa w te pwomèt la ki sou kontra a swa a lekri oubyen a loral

Sètifikasyon (Certification): Yon *sètifikasyon* se yon deklarasyon alekri ke w fè ba tribinal lè w ap prezante tout papye yo, kote w sèmante ke tout enfòmasyon sou papye yo korèk ak vre dapre sa w konnen.

Plent (Complaint): Yon *plent* se yon dokiman alekri kote w bay tribinal la yon eksplikasyon tout kout de tout done nan ka w an ansanm ak solisyon w ap chache a.

Jijman pa Defo (Default): Lè akize a pa konparèt nan tribinal pou l reponn a plent la oubyen li pa prezante yon repons, jij la kab ba w rezon. Se sa yo rele *jijman pa defo*. Epi tou, si w pa prezante nan tribinal, tribinal la ta kab anile ka w an.

Akize a (Defendant): *Akize a* se moun ou asiyen a.

Depoze yon plent (File): *Depoze yon plent* vle di soumèt ba tribinal la tout fòm ak frè egzijib yo pou tribinal la ka konsidere demann ou a.

Petisyon (Motion): Yon *petisyon* se yon demann alekri kote w mande tribinal la pou li emèt yon lòd, oswa chanje yon lòd ki te deja emèt.

Lòd (Order): Yon *lòd* se yon papye ke jij la siyen ki pase moun la lòd pou li fè yon bagay.

Pati a (Party): Yon *pati* se yon moun, biznis, ajans gouvènmanantal, elatriye, ki fè pati litij la.

Plenyan a (Plaintiff): *Plenyan a* se moun ki antame litij la.

Dat pou tounnen (Return Date): Se dat kote yo mande ni plenyan a ni akize a pou konparèt nan tribinal.

Avi Pwosesis (Service of Process): *Avi pwosesis* se livrezon ofisyèl tout papye yo ba lòt pati a.

Konvokasyon (Summons): Yon *konvokasyon* se yon papye ki notifie akize a ke yap asiyen li epi tou ki bay yon ti eksplikasyon kout de pazaswiv yo yon fwa yo resevwa avi a.

Klasifikasyon Tort (Tort): Yon *klasifikasyon tort* se yon blesi ke yo enflije sou yon moun oswa pwopriete endepandan de yon kontra.

Pazaswiv nimewote ki endike anba la a di w ki fòm w ap bezwen ranpli ak sa pou fè avèk yo. Ou ta dwe tape chak fòm oswa ou ta dwe ekri aklè sou yo an lèt detache sou papyè blan 8.5" x 11" sèlman. Ou pa ka ranpli fòm yo sou yon papyè ki gen diferan dimansyon oswa yon diferan koulè.

Pazaswiv pou depoze plent ti reklamasyon ak konvokasyon

PA 1: Ranpli plent pou Ti Reklamasyon a (Fòm A) (Small Claims Complaint - Form A).

Plent pou ti Reklamasyon a eksplike tribinal la ansanm ak akize a de tout done sou ka a ak kisa ou mande akize a pou l fè.

PA 2: Ranpli pati anlè Konvokasyon pou Ti Reklamasyon a (Fòm B) (Small Claims Summons - Form B).

Se tribinal la kab remèt *Konvokasyon pou Ti Reklamasyon a* ba akize sou dosye a (moun oswa konpayi yap asiyen a). Li avèti akize a ke yo depoze yon plent kont li. Li enfòm akize a tou de pazaswiv li fèt pou pran pou dispite plent la. Kole paj 2 de fòm (Fòm B) konvokasyon a ansanm ak frè pou depoze plent la ak plent la anvan ou voye l pa lapòs oswa w remèt tout papyè w yo ba tribinal la. Paj 1 konvokasyon a se yon fòm ki deja enprime ke tribinal la va kole sou li lè ya l remèt li ba akize a.

PA 3: Asire w byen ke papyè yo ap rive nan men akize a.

Li enpòtan anpil ke w bay tribinal la adrès korèk akize a. Aprè w finn depoze tout papyè yo nan tribinal, tribinal la swa ap voye yo pa lapòs oubyen la va remèt papyè yo ba akize a nan adrès ou te bay tribinal la. Si adrès la korèk epi yo sèvi akize a ak papyè yo, alòkile, tribinal la va notifiye tout de pati de dat pou tribinal la.

Si yo pata ka jwenn akize a nan adrès ou bay la, tribinal la va notifiye w ke yo anile jijman an pou rezon sa a menm. W ap fèt pou founi tribinal la ak yon lòt adrès epi peye yon frè pou yo tounnen sèvi akize a ak dokiman yon nan yon delè de 60 jou apati de dat ke w te depoze plent la oswa ya va anile ka a. Yap retabli ka a otomatikman ke w founi yon adrès valab nan yon delè de yon lane.

PA 4: Tou enkli frè pou depoze plent la

Yon chèk oswa manda postal fèt pou fèt a non Trezoreri leta Nyoudjèze *Treasurer, State of New Jersey* oubyen si wap depoze plent la pa vwa elektwonik nan Sistèm Dokiman Jidisyè Elektwonik la (Judiciary Electronic Document System (JEDS), ou gendwa itilize kat kredi.

Frè Plenyan pou depoze yon plent:

- \$42 pou yon akize (\$35 frè pou depoze ak \$7 frè pou sèvis lèt sètifiye oswa lapòs nòm).
- \$12 pou chak akize adisyonèl (\$5 frè pou depoze plent la ak \$7 pou sèvis lèt sètifiye oswa lapòs nòm.)

PA 5: Ki kote pou depoze yon plent pou Ti Reklamasyon (Fòm A) (Small Claims Complaint - Form A).

Ou fèt pou prezante plent la nan Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote omwen youn nan akize yo abite, oybyen si akize a se yon biznis, nan konte kote biwo li enskri oswa nenpòt ki konte kote li fè biznis. Si gen plis de yon akize, ou kab depoze plent la nan nenpòt ki konte kote akize yo abite, oswa biznis li sitiye oswa kote li fè biznis. Si okenn nan akize yo pa abite oswa fè biznis New Jersey, plent la fèt pou depoze kote ensidan an te fèt.

PA 6: Tcheke fòm ou ranpli.

Tcheke tout fòm yo epi asire w ke yo konplè. Retire tout paj enstriksyon yo. Asire w ke w siyen tout fòm yo kote yo egzije siyati w.

Lis tout sa pou fè : Ou fèt pou genyen tout bagay sa yo an lòd:

- Plent (Fòm A)
- Konvokasyon (Fòm B)
- Frè pou depoze plent la, swa pa chèk oubyen manda postal, oubyen peyman elektwonik ak kat kredi. Pa voye lajan kash. Ou kab peye kash si w peye an pèsòn, men ou fèt pou kenbe resi w resevwa nan men anplwaye yo pou dosye w.

PA 7: Depoze tout dokiman ranpli ba tribinal la oswa voye yo pa lapòs.

Ou gendwa depoze papye yo ba tribinal pa vwa elektwonik atravè sistèm JEDS la, pa lapòs oubyen an pèsòn. Si w voye papye yo pa lapòs, nou rekomande ou sèvi ak sèvis lapòs lèt sètifye, ak demann avi resepsyon. Sa va ba w yon ti resi vèt ka va sèvi kom prèv ke w te voye papye yo pa lapòs. Lapòs la kab di w kijan pou voye yon lèt sètifye ak demann avi resepsyon.

- Lapòs oswa livrezon ba tribinal la tout fòm orijinal yo.
- Kenbe yon kopi de blòk done a konplè pou dosye pa w.
- Revize pa 1 a 7 anvan ou voye blòk done a pa lapòs ba tribinal la.

PA 8: Wap resevwa dat pou Jijman a.

Après ou finn depoze tout papye yo nan tribinal, w ap resevwa kankou yon kat postal pa lapòs ak dat pou konparèt nan tribinal la. Yap notifiye akize a tou pou li konparèt nan menm dat la. Si w pa konparèt nan dat ki endike a yo kab anile ka w an. Si w pa kab prezante nan dat la poutèt sikonstans enprevi, ou fèt pou kontakte tribinal la davans epi mande pou yo ranvwaye dat la.

Si lòt pati a pa konparèt, nan tribinal la, tribinal la kab deklare lòt pati a an defo. Pare pou pote tout prèv (dokiman, foto ak temwen yo) se w ki pou demontre ka w a ba tribinal la jou dat la. Deklarasyon alekri de tenwen, menm si se sou sèman, pa admisib nan tribinal. Tribinal la ap pèmèt temwayaj an pèsòn sèlman de sa moun la te wè oubyen tande. Prepare tout kesyon ou yo alavans. Menm si akize a pa konparèt, jij la kab mande yon Odyans sou Prèv yo kote w ap oblije prezante tout dokiman ki sipòte ka w an kankou chèk ki deja touche, manda lapòs, resi lavant, bòdwo, kontra, devi, kontra lokasyon, lèt, foto, ansanm ak tout lòt dokiman ki pwouve reklamasyon ou an.

Le pli pwobab, tribinal la kab mande w pou eseye regle ka a ak asistans youn nan grefyè jij la oswa yon medyatè byen fòme anvan ou prezante nan jijman. Si w fè yon aranjman nan ka a, ou fèt pou di jij la ak grefyè tribinal la sa.

Sistèm Jidisyè ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisyè yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan njcourts.gov.

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifiye tribinal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan njcourts.gov.

Enstriksyon sou kijan pou Ranpli Ti Reklamasyon – Otomobil – Fòm A (Small Claims Complaint - Motor Vehicle - Form A)

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle.
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

Plent sa fèt pou itilize sèl si ka w an gen rapò ak aksidan otomobil epi w ta renmen depoze yon plent nan tribinal pou Ti Reklamasyon. Aprè ou finn ranpli enfòmasyon yo mande a anlè tèt fòm la, nan pati nan mitan paj la, anba mo "COMPLAINT" (PLENT), konplete enfòmasyon swivan sa a:

1. Tape oswa enprime dat aksidan a te fèt.
 2. Tape oswa enprime non akize a (akize yo)
 - a. Aprè mo ki make *Owner* [Pwopriyetè], tape oswa enprime non pwopriyetè otomobil la sou espas la.
 - b. Aprè mo ki make *Operator* [Moun kab kondwi a], tape oswa enprime non moun ki tap kondwi machinn la sou espas la.
 3. Tape oswa enprime non kote aksidan a te fèt. Ou kab itilize non ri a oswa non ri yo nan kwazman pre kote aksidan a te fèt si w pa ta genyen adrès egzak la.
 4. Nan espas aprè mo ki make *Demand la* [Egzijans], make pou montan w ap asiyen a.
 5. Si *Complaint la* (Form A) Plent la, oswa nenpòt ki kopi papye ou ta kole ak plent la ta gen nimewo Sosyal Sekirite, nimewo lisans pou kondwi, nimewo plak machinn la, nimewo polis asirans, nimewo kont an bank aktif, nimewo kat kredi aktif oswa enfòmasyon sou statis endividi a nan lame, ou fèt pou bife (efase) enfòmasyon sa a pou yo pa wè l, amwens ke nenpòt nan idantifikasyon pèsònèl sa yo ta nesèsè epi lalwa, règleman, direktif administratif oswa lòd tribinal la ta egzije li. Si se yon kont finans ki aktif ki sijè plent la epi san li, li enposib pou idantifye li, ou ta mèt sèvi ak kat dènye chif sou kont la pou idantifye li.
- REMAK: Pa bife (efase) enfòmasyon sa a nan papye orijinal yo ke w kenbe paske li posib ke wap gen pou montre yo ba tribinal la a yon moman done.**
6. Ekri dat la epi siyen fòm la.

REMAK ENPÒTAN:

Ou pakab itilize fòm sa a pou lòt koze apa de pou blesi ou sibi oswa dega pwopriyete w sibi akòz aksidan otomobil la.

Small Claims Complaint (Motor Vehicle)

NOTICE: This is a public document, which means the document as submitted will be available to the public upon request. Therefore, do not enter personal identifiers on it, such as Social Security number, driver's license number, vehicle plate number, insurance policy number, active financial account number, active credit card number or military status.

Plaintiff or Filing Attorney Information

Name _____

NJ Attorney ID Number _____

Address _____

Email Address _____

Telephone Number _____

From Plaintiff

Name _____

Address _____

Email Address _____

Telephone Number _____

**Superior Court of New Jersey
Law Division, Special Civil Part
Small Claims Section**

_____ County

Docket Number _____

(to be provided by the court)

To Defendant

Name _____

Address _____

Email Address _____

Telephone Number _____

Civil Action
Complaint
Motor Vehicle

Plaintiff says the negligence of the defendant operator and/or defendant owner caused a motor vehicle accident resulting in property damage to plaintiff's vehicle, in the following accident:

1. Date of Accident _____

2. Name of Defendant(s):

a) Owner _____

b) Operator _____

3. Place of Accident:

a) Street _____

b) Municipality _____

c) County _____

Demand: \$_____.

Small Claims Complaint (Motor Vehicle)

IMPORTANT: Plaintiffs and defendants must bring all witnesses, photos, and documents, and other evidence to the hearing. Subpoena forms are available at the Clerk's office to require the attendance of witnesses.

The Judiciary will provide reasonable accommodations to enable individuals with disabilities to access and participate in court events. Please contact the local ADA coordinator to request an accommodation. Contact information is available at njcourts.gov.

The New Jersey Judiciary provides court-interpreting services. If you need an interpreter, notify the court as soon as possible. Contact information is available at njcourts.gov.

I certify that the matter in controversy is not the subject of any other court action or arbitration proceeding, now pending or contemplated, and that no other parties should be joined in this action.

I certify that confidential personal identifiers have been redacted from documents now submitted to the court and will be redacted from all documents submitted in the future in accordance with *Rule* 1:38-7(b).

Date

Plaintiff's Signature

Plaintiff's Name Typed or Printed

**Enstriksyon sou kijan pou ranpli Konvokasyon
pou prezante nan Ti Reklamasyon – Fòm B**
(Small Claims Summons - Form B)

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle.
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

- A. Anba seksyon ki make *Plaintiff or Plaintiff's Attorney Information* [Enfòmasyon sou Plenyàn oswa Avoka Plenyàn a], tape oswa enprime non, adrès ak nimewo telefòn avoka w si w gen avoka. Si w pa gen avoka e si w ap reprezante tèt ou, tape oswa enprime non, adrès ak nimewo telefòn ou.
- B. Anba seksyon ki make *Defendant Information* [Enfòmasyon Akize a], tape oswa enprime non, adrès, ak nimewo telefòn akize a.
- C. Anlè paj la nan kwen a dwat anvan mo ki make *County a* [Konte a], tape oswa enprime adrès ak nimewo telefòn tribinal kote w ap asiyen a.
- D. Nan espas anba mo ki make *County a* [Konte], tape oswa enprime adrès ak nimewo telefòn tribinal kote w al depoze plent la.
- E. Kote li make *Check One* [Tcheke yon sèl la], make si w ap asiyen pou kontra ki kraze oswa ka tort (al nan definisyon ki parèt sou paj 3).
- F. Nan espas aprè mo ki make *Demand Amount* [Montan w Mande a], tape oswa enprime pou montan w ap asiyen a.
- G. Nan espas aprè mo ki make *Filing Fee* [Frè pou Depoze plent], tape oswa enprime montan total frè pou depoze plent la pou kantite akize w ap asiyen yo (ale nan PA NIMEWO 4 ki nan paj 4).
- H. Kite espas aprè mo ki make *Service Fee* [Frè Sèvis] vid pou anplwaye tribinal la ranpli (ale nan PA NIMEWO 4 ki nan paj 4).
- I. Kite espas aprè mo *Attorney's Fees* [Frè Avoka] vid. Si w reprezante pa yon avoka se avoka a ka va ranpli seksyon sa pou w.
- J. Kite espas ki vinn aprè mo *Total la* [Total] pou anplwaye tribinal la ranpli.

Small Claims Summons and Return of Service – Page 2

Plaintiff or Plaintiff’s Attorney Information:

Name: _____
NJ Attorney ID Number _____
Address _____
Email Address _____
Telephone Number _____

Superior Court of New Jersey
Law Division, Special Civil Part

_____ County

_____ Plaintiff(s)

v.

Docket Number: _____
(to be provided by the court)

_____ Defendant(s)

Defendant Information:

Name: _____
Address: _____
Email Address _____
Telephone Number _____

Civil Action
Summons

Check One: [] Contract
[] Tort

Demand Amount \$ _____
Filing Fee \$ _____
Service Fee \$ _____
Attorney’s Fees \$ _____
TOTAL \$ _____

You must attend the trial on this date _____ and time _____ [] a.m./[] p.m. or the
court may rule against you.

Report to: _____

Return of Service (For Court Use Only)

Date Served: _____

Return of Service if Served by Court Officer

Docket Number _____
Date: _____ Time: _____ WM [] WF [] BM [] BF [] Other _____
Ht _____ Wt _____ Age _____ Hair _____ Mustache [] Beard [] Glasses []
Name: _____ Relationship: _____
Description of Premises _____

I hereby certify the above to be true and accurate:

Special Civil Part Officer